


MINISTÈRE DE LA JUSTICE

Cellule Genre

“Juukki ak càmbar i
jumtukay i yoon yi aju
ci yemale ak tollole
ci senr



Teere weecoo xalaat, buy
joxe ay xibaar ak di siiwal



Juukki ak càmbar i jumtukay i yoon yi aju ci yemale ak tollole ci senr

**Teere weecoo xalaat, buy
joxe ay xibaar ak di siiwal**

Doorteel

Njëwrinu àtteek yoon, ki yore kaarange nguur Sériñ Malik SALL

Njëwrinu àtteek yoon, jaare ko ci pàcc bi yore sanr, dafa siiwal ci weeru nowàmbar atum 2020 ab téere bu ndaw buy ténk lu am solo ci jukki yi nuy jëfandikoo ci Senegaal ci wàllu àqi jigéen ñi.

Liggéey bu am solo boobu tax na ba nu fésal ab jukki ci wàllu yoon buy wax ci karaange nit ki ak jigéen ñi, seen mën a demal seen bopp, seen bokkin ci wàllu askan ak politiq, ak lépp luy yemale goor ak jigéen ci wàllu liggéey ak fiskalite.

Teere bu ndaw bi nu génne ci nowàmbar atum 2020 dafa am doxalinu yeete joxe ay xiibaar, dafay am solo lool jumtukaay yi war yépp nu di ko jefandikoo ngir mu jot xollu ñi ko tax a jog, mu di jigéen ñi ak bépp nit bu mu soxal jem ci soxlaay àqi jigéen ni doonte te sax seen jäng ci farnse sooriwul.

Ci njeextalu loolu lalu jël nanu dogal ne danuy soppi téere bi ci kàllaama réew mi, ngir nu mën ko siiwal, fépp, àqi jigéen ñi nu wax te bindko.

Danuyfàttalicilooluneatyubari,cindimbaluaknjàppalenguurgimbootaayi kuréli-bokkul yi, ay jéego yu am solo def nanu ko ci alfabetisasiyon sunu kàllaama yi.

Dafa am solo, ci sunu mën mënu cëslaay yi sunu mbokk yi mën a jäng ak bind sunu kàllaama ngir nu mën a xam xibaar yi aju ci àq ak wareeffi jigéen yi.

Njëwrinu àtteek yoon tàmbali na ko bu yagg, di jëfandikoo kàllaama réew mi niki jumtukaay siiwal yoon yi, ndax kéri yoon yi jege nanu askan wi te kenn du fay dara te yagg na nuy def ay waxtaan béreb joxe xibaar ci yoon ci kàllaama réew mi.

Coppalig téere biy wax ci àqi jigéen ni ci sunu kàllaama yi lu am solo la bëgg a def cib kàllaama bu war te jäppandi dafa doon ab yoon wuy wéy wu am gisin wu bees ci wàllu tàggatin ci biir jäng mi di wéyale, ay jumtukaay yi nu bind, ci politig bu tegu ci joge ay xibaar ci wàllu yoon bi njéwrinu àtteeb yoon.

Noo ngi génne ab dalal bu yaatu ci jumtukaayu siiwal bii war a doon lu yees te jäppandi, di gérém itam ñi coppali téere bi ci sunu kàllaama def ci seen xam xam, seen mën-mën ci serwisu sama depàrtmaa waaye itam ci yokkute nguur gi ci yoonu afririg ci mbaaotaayu Konrad Adenauerbiy wéy di gunge Njéwrinu àtteek yoon, ci li topp ci andandoo mak moom ci àqi jigéen nu siiwal ci faranse.

Maa ngi sàkku jäng bu baax ak ngérém képp ku téere bii nu bind ci pulaar seereer ak wolof tàbbi ci say yoxo.

Conseil scientifique

Njiitu kurel gi

- Soxna Aysa GASAMA TAAL
Sekkerteer bu mag bi ci njëwrinu àtteeb yoon

Koordonatirisu kurél gi

- Soxna Xadijatu JA NDAW
Koordonatirisu pàcc sanr bu njëwrinu àtteeb yoon

Way bokk yi

- Serin. Asan SEKK
Xelalkat ci wàllu xarala, koordonatèru pàcc bi yore yoon ci njëwrinu àtteeb yoon
- S. El Hadji Babaakar JOOB
Moo topp ci njiit lu mag bi ci direksison bi yor serwisu yoon
- S. SEEX Sidil Saxir MBAAY
Xelalkat, njiitu kabine IDEAL
- S. Amaadu BOOKUM
Njiitu kabine IADDEL

Kurelu bind mi

Koordinnatér

- M. Assane SEKK
Xelalkat ci wàllu xarala, koordinatëru pàcc bi yore yoon ci njëwrinu àtteeb yoon

Bindkat bi

- S. El Hadji Babaakar JOOB
Moo topp ci njiiit lu mag bi ci pàcc bi yor serwisu yoon

Gëstukat yi

- Soxna Ayda MBAAY
Xelalkat ci wàllu yoon, direktion bi yor politig ak doxalin wu baax gi bokk ci pàcc bi yor yoon ci njëwrinu àtteeb yoon
- Soxna Xardiyatu KA
Juriste, boll ci pàcc bi yor yoon ci ministeer bi

Duggin wi

Jigéen ni ñoooy ni ëpp ci mbooloom sunu réew, ci loolu danu am taxawaay bu am solo ci askan wi, kon danu leen war a teg ci luy yokk sunu politig ak sunu yokkute gu sax jigéen ñi danu leen war a boole ci bépp doxalinu jélul dogal ci nguur gi, ci momeelug ndékkaan yi waaye itam jiital ci am-amu gox- goxaan bi.

Danu bind ci artikal bu ndeyu àtte bi lim 2008 biy soppi Artikal yii 7, 63, 68, 71 ak 82 bu ndeyu àtte bi (JQRS lim bu am solo 6420 bu 8 fan ci ut 2008) « *luwaa buy dooleel tollale jigéen ñi ak goor ñi ci pal gi ak liggéey bi* ».

Luwaa 25 alineya 2 ci sunu ndeyu àtte bi day dëggal itam tooluwaay bi ci lempo ci taxawaayam : « ...bépp xajatle ci diggante góor ak jigéen ci lempo, ndàmpaay danuy koy aaye... ».

Degal bu mag boobu Senegaal jél ci mbirum senr day tegu, ci benn wàll, ci doxalinu déggoo yi réew yépp ànd te nu xaatim ko te tuy joxoñ senr di dindi xaajatloo bi ci jigéen ñi, ci beneen wet gi defar ab bérébu yoonu liggéeyu réew mi ci tolloole ak yemale ñépp tuy « *pexeem réew mi ci yemale ak tollole ñépp (góor ak jigéen) ci at yii* »

Pexe moomu day doon cëslaayu joxonu jëf yi nuy yokk ngir boole leen ci lu jaar yoon ci laaj yi jëm ci senr ci li mu mënul ñàkk ci wàllu yokkuteg Senegaal bi pal.

ci loolu, yombal gi nga xam ne ñi moom sàrt yoon yi, mën nanu ko jëfe ci seen nekkin ak li nu ëmb ay dogal yu mag lanu ci ni nu jëfandikoo téere réew mi ak téere yi ne fépp ci àdduna di wax ci àqi jigéen donuňu lu nuy def benn ci jamomo ju mu doon.

Loolu moo tax pàcc senr bu njëwrinu àtteeb yoon am nisér siiwal ko ci Wolof bu jaar yoon yeen téere yi am solo yuy wax ci kaarangeeg jigéen ñi ak xale yi ; téere yooyu danu leen tånn ci biir yeneen, ndax danuy indi ay tontu yu wóor ci tolluwaayu dundinu jigéen ñi, su dee sas daňu

aar jëmmu ak xelam jigéen ñi, di dooleel seen mën a demal seen bopp, doolel seen bokkin ci dundinu politig gi, ci dundinu askan wi ci li ëpp, ñu aar leen ci yemale bi ci biir bérebu liggéyukaay yi akit sàrs fiskalite yi...

Coppali gi ci sunu kàllaama yi, day yombal yoon wiy boole ñépp ngir yekkati ci lu nu bëgg mbir yi aju ci boodikonte bi ci biir askan ak yoon ci jigéen ñi ak xale yi ; yokk seen ngem -ngem ci tànneefi politigu nguur gi, day yombal kaaraange yu sax ci àqi nit ñi ak yokkute ci wàllu askan ak koom ci jigéen ñi ak xale yi.

Li teere bi ëmb

| | |
|-----------|----|
| Ndoorteel | 07 |
|-----------|----|

| | |
|-----------|----|
| Duggin wi | 11 |
|-----------|----|

Sapitar 1

Jukki réew mi am solo ngir aar àqi yi aju ci politig, ci njaboot
ak demalug jigéen ñi seen bopp

| | |
|--|----|
| I. Taxawaayi kotu njaboot gi aju ci sëy ak wéyjur | 20 |
| A. Jukki yi nuy japp ci mbirum sëy | 20 |
| B. Jukki bi nu jàpp ci filiyasiyonj | 29 |
| II. Taxawwy yi aju ci àqi politig : luwaa parite bi | 30 |
| A. Jukki luwaa parite bi | 30 |
| B. Jukki bi nu jàpp ci dekere jëf ji | 33 |
| III. Taxawaay yi aju ci jigéen ñi seen moomeel ak seen mën a demal bopp | 36 |
| A. Jukki ni nu jàpp ci àqi liggéey, ci resim fiskal, ci kaarange askan wi ak ci resim reteret | 36 |
| B. Jukki bu nu jàpp ci àqi moomeel ak àqi jotinu suuf si | 41 |

Sapitar 2

**Jukki yi am solo ci reew mi yiuy aar lepp luy mettital bu aju ci senr :
mettital bu aju ci jigeen ni**

| | | |
|-----|---|----|
| I. | Kaarange ak daan yi aju ci kot peenal bi ci mettital yi aju ci senr | 44 |
| A. | Jukki bi nu war a jàpp te càmbar ko ci kot penaal jèm ci mettital yi nuy def jigéen ñi | 44 |
| B. | Jukki bu nu war a jàpp te càmbar ko ci ñawteef yi jèm ci xàwwi sutura ak aar jigéen ñi | 46 |
| II. | Kaarange ak daan yi aju ci kot peenal teg ci mettital yi aju ci jigéen ñi | 50 |
| A. | Jukki bi nu jàpp ci luwaa lim° 2005-06 bu 10 me 2005 aju ci xeex njaayum nit ak jëf yu ni mel ak di aar ñi mu dall | 50 |
| B. | Jukki bi nu jàpp ci luwaa lim 2005-18 bu 5 ut 2005 jèm ci wér ak jur | 51 |



1

Jukki réew mi am solo

ngir aar àqi yi aju ci politig,
ci njaboot ak demalug
jigéen ñi seen bopp

Téralinu askan wi ci senegaal dafa ténku ci luwaa lim 72-61 bu 12 suwej atum 1972 bu kotu njaboot gi, bi nu soppi ci lu aju ci àqi aju ci wàllu politig, luwaa lim 2010-11 bu 08 me atum 2010 buy bind yemale dëgg goor ak jigéen dafa doon benn ci jumtukaay yi wax ci àqi politig bu am solo ci jigéen ñi.

I. Taxawaayi kotu njaboot gi aju ci sëy ak wéyjur

Yenn jukki yu nu faramfàcce ci xétu yoon bi ci lëkkaloo ci wàllu sëy ak wéyjur daňu tax a xam àqi ak wareefi way dencantaane yi ci mbirum sëy sëy ak njaboot gi, ndeyu àtte réew mi da ko aar.

Jukki artikal 17 bu ndeyu àtte yoon :

« Sëy ak njaboot dafa doon cëslaay bu war te dëgu ci askanu nit ñi danuy leen teg ci kaaraageeg nguur geek kurelu gox-goxaan yi, am nanu wareef yiir ci yér gu yaramu njaboot gi rawatina ñi am laago ak mag ñi.

Nguur gi day aar njaboot yi rawatina njaboot gi dëkk ci àll bi ci jotinu serwisu wér gu yaram ak dundin bu baax, nguur gi day aar itam jigéen ñi ci dëkku taax yeek ñiy ne ci àll ci, wareefu yombalug seen dundin ».

A. Jukki yi nuyjàapp ci mbirum sëy

Dafa doon sëy, tas ak lépp lu mu mën a jur. Beru ci biir néegu sëy ni ko kotu njaboot gi nangoo, doonul ab jéf bu nu sàkku ci Senegaal.

Jukki artikal 100 :

« Néegu sëy mooy sos booleg njaboot gi góor ak jigéen yuy sëy... »

Càmbar : fàww nu jàpp ne njàngum artikal bi ci senegaal sëy di boole jigéen ak góor, mboole boobu mooy indi njaboot gu tegu gu jaar yoon.

1. Jukki yi nuy jàpp ci sëy

Xew-xewu njaboot gi ëpp solo ci àdduna mooy sëy. Nu def ko ci sunu cosaan wàlla ci kanamu ab ofise etaa siwil, dafay am ay àq aki wareef yu ñépp xamul.

Jukki artikal 18 bu ndeyu àtte yoon :

*« Sëy bu nit ki àndul dafa doon ab wiylasison bu moomeelu nit ki.
Danuy koy tere te am na ay daan yu ci aju ci yoon ci ki ko def ».*

Jukki artikal 111 CF :

*« Sëy kenn mënu ko def ci diggante góor bu am 18 at ci lu néew
ak jigéen bu am 16 at cilu néew » (xool itam Porotokol CADHP -
Artikal 6, b)*

Càmbar : su weesoo li jiitu te war ci diggante góor ak jigéen ci sëy, pexeem at da ci yokk ngir wéral sëy bi : 18 at ci góor gi ak 16 at ci jigéen ji, njiiut tiribinaal bi mën naa dogal ne jigéen ji mënagula sëy ndax atam màttagul mën naa itam sàkku ab gëstu bu baax te jaar yoon ci loolu ndax sëy bu teel bi danu koy tere.

Jukki artikal 116 al.2, 2° :

*« ...su dee ñiy sëy defuñu benn tànneef ci sëy bi, maanaam waxu nu
benn jabar wàlla ñeenti jabar, góor gi mën naa am ñeenti jabar... »*

Jukki artikal 133 al. 2 :

*« Su dee góor gi waxul ci lenn ci tànneef yi artikal 134 waajal, sëy bi
day ne ci resimu poligaami maanaam am jabar yu bari ».*

Jukki artikal 134 (mbiru tànneef gi) :

« ...tànneefu benn jabar ak yemale limi jabar yi day doon njeexital gi, su dee góor gi am na yeneeni pexe waññi ngir beneen tànneef bu bees ci yemale jabar yi... »

Càmbar : kotu njaboot gi dafay teg poligaami ni wareef, su dee, amul benn tànneef ci jékér ji nga xam ni moom kese moo ko mën a def ci jamonoy maye gi, su booba poligaami lanuy jäpp fàww nuy ràññee ne melokaan bi du deñ ci tànneefu benn jabar wàlla ci am ay jabar yu bari, loolu du doolel góor ñi ci tànneef gi ; waaye ngir aar seen bopp su dee sax benn jabar lanu bëgg danuy tånn poligaami. Dafay am solo lool ñuy yee jigéen ji ci su dee amul benn tànneef, tànneefu poligaami moom lañuy teg ba tax na jigéen dafa war di waxtaan ab jékéräm mi nga xam ni moom kese moo mën a def tànneef bi.

Jukki artikal 152 (doolel jékér ji) :

« jékér ji mooy booroom kér gi, mooy yore sañ - sañ bi ci njariñu ñépp ak xale yi ».

Jukki artikal 153 (dëkkuwaay bi wàlla kér gi) :

« dëkkuwaay bi, jékér ji moo koy tann... »

Càmbar : danuy leeral ne doole gi jékér ji am ci biir kér gi ba tax mu doon boroom kér gi, moo waral mooy ut dëkkuwaay bi, waaye loolu taxul muy xalaat ne jigéen ji moo ko moom niki luwaa bu yagg boobu nu tuddee I romano - civiliste, potestas t romano-civiliste, Potestas maritalis mooy tax jigéen ji nekk ci moomeelu jékér ji.

Ci Senegaal aada da ni, góor gi mooy boroom kér gi, waaye am na ay wareef yu war ku ne (jékér ji ak jabar ji) ci aada ji ak ci kotu njaboot gi buy yeg ci yemale gi : ci lu am solo doole ñiy sëy danu koy def ci njariñu ñépp ak xale yi, niki aliyena 2 ci artikal 153 kotu njaboot gi waxe :

« *su dee dëkkuwaay bi jëkër ji ut ngi njaboot gi daf am ay loraangee ci wàllu nekkin wàllu ci wàllu xalaat moral, jigéen ji mën nanu ko jox sañ-sañ mu ut bèneen dëkkuwaay moom ak xale yi boo xam ni àtteekatu jàmm bi moo koy sàkku* ».

Jukki artikel 277 (doole yorinu njaboot gi jaar yoon) :

« *Doole yorinu njaboot gi, baay bi ak yaay ji ñoo ko moom. Ci biir néegu sey, baay bi moo koy def ndax moom mooy booroom kér gi...* »

Jukki artikel 287 : (caytu yoon.)

« *Dagal yi nuy jël ci yorinu xale yi, mën nanu ko sas kilifa yi (baay bi walla yaay ji) ki àtteekatu jàmm bëgg mu yor njaboot gi ci kér : sunu woowe pàcc yi walla nit ku mu soxal àtteekatu jàmm bi mooy joxe dogal bi.*

Doxalin wi danu koy def ci kabine àtteekat bi, ñépp du nu teew su dee sax danuy jäng ordonaans bi : ci kanamu tiribinal bu instans bu njëkk bi, doxalin wi danu koy def ci néegu sonsay bi su dee sax poronose àttee bi mën nanu ko def cib diir ».

Càmbar : li topp ci artikel 277 yi lim li waral jotali gi ak doleel yorinu njaboot gi.

Loolu moo tax, « *dogal yi baay bi jël te àndul ak njariñu xale bi walla njaboot gi, mën nanu ko soppi walla nu wax ko àtteekatu jàmm bu kér gi xale bi dëkk, te di sàkkutéefu yaay ji, te mu topp ci doxalin bi nu waajal jéle ci artikel 287* ».

Yaay ji mooy yore njaboot gi, ba mu des dogal bu wuute ak bu àtteekatu
jàamm ji dogal ci néegu konsey bi :

- 1°** su dee baay bi nanguwul àqi yorinu njaboot gi ;
- 2°** su dee baay bi taxawaayam màttewul ci doon booroom kér gi,
amul mën mën ju ko def walla yor ndax soriwaayam walla lenn
du mu doon ;
- 3°** su dee baay bi danu koo tēj ci bàyyi (beddi) njaboot gi ;
- 4°** su dee yaay ji moo yore dogal ci njaboot gi, doonte bokkul
dëkkuwaay ak jékéram te tasunu, tirbinaalu depàrtmaa bi mën
na ci njariňu xale bi ak ci bëgg–bëggü yaay ji walla ministeer,
denk yaay ji doole yor gi, dogal boobu du àntu saa sunu amee
ab ndaje, ab xajatlo ci wàllu sëy walla nu tas.

2. Jukki bu nuy jàpp ci tas sëy

Jukki artikal 138 :

« *mbir yi aju ci tas sëy*
su dee ofise etaa siwil mooy def sëy bi walla moo mändargaal sëy
bi, walla ki ko teewoon ci sëy bi mën nanu ko tas :

1° *su dee déggoo amul ci kenn ci ñiy sëy, su dee danu ko def ci mettital walla nu def ko ci ay njumte ;*
 2° *su dee sëy dafa am te àndul ak bëgg – bëgg kenn ci ñoom ;*
 3° *su dee jékér ji joxewul warigal gi mu waxtaneetwoon ci sëy bi ;*
 4° *su jékér ji tëlee ;*
 5° *su feebare, feebar bu metti bu kenn mënul ko faj ci jamono ji nga ni ci la nekke ak moom ci sëy bi te waxukowoon laata sëy di am ».*

Jukki artikal 139 :

« *ubbiteg jéf ji, jéf ji nuy neenal day bokk :*

1° *ci sëy bi nga xam ni niy sëy seen déggoo demewul noonu ;*
 2° *su dee amul dogalug sëy ci waajur yi (àndunu ci sëy bi) ;*
 3° *su dee jigéen ji jotul warugaru sëy bi walla su dee jékér ji dafa tëlee ;*
 4° *su dee kenn ci way sëy bi dafa am feebar bu metti te kenn mënu koo faj ».*

Jukki artikal 140 :

« *njeexitali ñàkk nangu gi*
léeg-léeg jéf gi day dàkk ci nangu gi :

1° *ci ñàkk déggoo yi, su nu dëkkee ci lu tollu ci 6 weer ba tax jékér ji jot na jàmmam walla njumte gi nangu na ko ;*
 2° *ci ñàkk am ndogalu njaboot gi, su dee sëy bi danu ko def ci lu gaaw te degluwunu ki nga xam ni nangoom daya am solo ;*
 3° *su dee jékér ji dafa tëlee walla mu am feebar bu garaw bu nu mënul faj, su booba dëkkin wi day dem ba mu mat at laata nuy tas sëy bi ».*

Càmbar : li waral ak li tax sëy yi di tas lu am soloo xam la. Artikal L 138, 139 ak 140 nooy wax ci sakkutéef yi tas sëy. Day wax ci bu leer ki am sañ-sañ laaj sëy bi tas ak sakkutéef yi tax, tas bi du mën am. Misaal bi gën a leer mooy sëy bi tas ndax jékér ji dafa tèle walla feebar bu metti bu kenn mënul faj ci kenn ci waay sëy yi. Su dee sëy bi am na ba noppi, kenn ci ñoom waxul ne dafa feebar walla tèle danuy joxe àpp at laata ñuy tas sëy bi, may ko mu faju su booba kenn mënul tas sëy bi.

Nanuy dëggal ne liy tas sëy moo ngi joxe ci ñakk déggoo gi, waaye lu aju ci tas gi, nit ñi mën nanu wax tas ko te duñu joxe li ko waral, rawatina nit ñi àndul ci sabab yi nu waajal te mu aju noonu ci artikal 130.

Jukki artikal 141 :

*« Ci wàllu neenal bu wóor
ak nu melo sëy di tèddee, su dee tas am na danu ko war a wax :
1° su dee sax kenn ci ñiy sëy am na ku ci àndul;
2° su dee sax ñiy sëy seen awra ñoo bokk ;
3° su dee sax kenn ci niy sëy amul at yi war ngir sëy ;
4° su dee sax ñiy sëy danoo bokk walla lëkkaloo buy aye sëy bi ;
5° su dee sax jigéen ji dafa nekk ci buumu sëy bu deñagul ;
6° su dee jékér ji mënul la takk beneen jabar li ko waral mooy
taxawaayu artikal 133 ».*

Jukki artikal 142 :

« Ubbite jëf ji ak njextalug jotin wi
*Mbir yi waral tas da tegu ci taxawaayu artikal bii nu weesu,
 te xacc na nu def ko :*

- *ci ñiy sëy ñoom;*
- *ci bépp nit bu ci am njariñ ;*
- *ci ministeer bi ñépp bokk, ci bi ci ñiy sëy di dund.*

Kenn mënu ko wax ak bind.

Mën naa tas

*Su dee, jëf ji dafa lalu ci ab sëy bu yagg, kenn ci ñiy sëy mën naa wax
 ñu tas sëy bu njëkk bi, su booba danuy wax ci liy dëggal walla luy tas
 sëy bu bees bi.*

*Su dee kenn ci ñiy sëy amul at yi war, tas bi kenn mënu koo def su
 dul mu am at yi war ci sëy walla su dee jigéen ji ànd na ci, su dee sax
 jëf ji jigéen ji moo ko sàkku.*

Ak Lépp lu am tas mën nu nu koo xiir ».

Jukki artikal 144 :

« Date des effets

*Sëy dafa am lu muy jur, su de sax jaarul yoon, ba bés ba nu jële dogal
 tas ko mu jeex, bés boobo lanuy tàmbali waññ.*

*Taxawaay yooyu duñu gàllankor beneen sëy bu nu sàkku laata
 neenal gi. Ci lu aju ci alal ji, neenal gi day aju ci diggante ñiy sey ci
 bés bi nuy def laaj bi ; du indi wuute ci Ñetti cér yi su dul bés bi nuy
 def foormalite yu nu waajal ci artikal 143 ».*

Càmbar : tas gi nu njunj, wuute ak tas gi wóor, mën naa jóge ci bépp nit bu mu soxal, rawatina ministeer bi ñépp bokk, ci bu dee ñiy sëy ñoo gi dund pexe yi tas sëy bi danu ko lim ci artikal 141 biy waajal juroom beeni mbir, ñàkk déggoo gi, ñi bokk melo sëy, xeeb ki ngay sëyal, sàkkutéef gu jarul yoon ci biir sëy bi, am ñaari jékér ak wiylasion ci tànneef jékér ji.

3. Jukki ci tas

Jukki artikal 166 (lu waral tas) :

« *Tas men nanu ko wax ... ci dëddu njaboot gi walla néegu sëy gi ; ci yorin ju baaxul, jëf ju ñaaw, xas saaga, door yuy tax nekkin wi du mën a nekk... »*

Càmbar : li waral tas te kotu njaboot séentu ko mooy :

- ñàkk teewug kenn ci ñiy sëy ;
- sëy ak beneen jigéen walla góor bu dul sa jékér walla jabar ;
- su dee danoo tēj kenn ci ñiy sëy ci ab daan bu mag une peine infamante ;
- su dee jékér nanguwul yore jabar ji ;
- su dee kenn ci ñiy sëy dafa nanguwul def sàkkutéef yi nu jéloon ci bi nuy tàkk sëy bi ;
- su dee jabar ji dafa boddi njaboot gi walla néegu sëyam cil ;
- yorin bu baaxul, lu épp, ay door walla saga, xas yu garaw yuy tax nekkin du mën na nekk ;
- ñàkk am doom bu wóor bu doktoor waxwalla bind ;
- bépp feebar bu garaw te du wér bu kenn ci ñiy sëy xam ci bi nuy sëy ;
- ñàkk déegoo buy tax kenn du mën naa muñal mooroomam ci biir sëy bi.

Jukki artikal 168 alinéna 3 (taxawayu àtteekat bi) :

« *...mën naa wax nu def, su amee ag yàkkamtí, kiy laaj am dëkkuwaay boppam, moom kese day jël li war yépp ci xale yi... »*

Càmbar : li épp, njariñu xale yi day laaj ñu wacc leen ak seen yaay waaye loolu du tere mu am ay loraange ci xale yi ci seen nekkin ak seen dundin.

Jukki artikal 178 (dundin bu jaar yoon ci wareefu toppatoo gi) :

« Su dee sëy bi danu ko tas ngir ñàkk deggoo walla feebar bu garaw bu dul wér, wareefu toppato gi danu koy soppi wareefu lekk gi ni ko waxe sas II bu téere Iv, bu kot bu yees bi ».

Càmbar : mbir mii day wax ci artikal biy aju ci jékér ji nga xam ni daa tas ndax jabar ji daa feebar walla nu ñàkk déggoo ci seen diggante su loolu amee àttekat bi day nangu tas bi, waaye wareefu toppatoo gi day tegu ci jékér ji day doon wareefu dundal boo xam ni àttekat bi mooy joge dayo bi te day aju ci am-amu jékér ji.

B. Jukki bi nu jàpp ci filiyasiyon

Jukki artikal 155 : wareefu ñiy sëy

*« Sëy day sos njaboot yu jaar yoon.
ñiy sëy ñooy ànd di dundal, di toppatoo, di yar, yor ak di jängal xale yi.
ni nu koy doxale wareefu toppatoo xale yi danu koy saytu ci sàrs sëy bi ci téere VI sas1 bu kot bu yees bi ».*

Jukki artikal 4 (xale) :

« Xale day jël sàntu yaayam, waaye su ko baayam nangoo day koy jox sàntam... »

Càmbar : léegi mën nanu day test ADN ci jumtukaay yu xarala yi, doon na tay ab jumtukaay bu àttekat mën a jël ngir xam ndax baay bi moo jur xale bi, ba tax mu war ko dundal, toppatoo, yor, yar ak jängal su moomeel gi nekkee.

II. Taxawaay yi aju ci àqi politig : luwaa parité

Ni nu ko waxe ci resolisiyonu bokkinu jigéen ni ci dundinu politig bu ndaje bu mag bu réew yépp yi boolo maanaam nasiyon ini ci desàmbar 2011 ak bépp réew bu nu doon, ci bépp réew ci àdduna ji, « *jigéen ni danuy wuute bu baax ci mbiri politig bi, léeg- léeg cili aju ci luwaa yi ci jéfin wi, ci nekkin wi ak sax ci yenn mbir yi leen di boddi, ndax seen tolluwaayu jàng sorewul, mën nu jote li aju ci jot ci faj mi, te it ñakk gi ñoom la gén a laal ni góor ñi* ».

Ci loolu Senegaal, xam nanu ne, su jigéen ñi bokkul te seeni soxla ci fànn jëlum dogal yi, nisëru yemale gi yu koom gu sax gi ak jàmm ji, jeluñu ko bu baax, dunu leen mën a topp. Ci gis-gis boobu, njariñu am ab luwaa bu nu tuddee parite dafay taxaw ci nguur gi ci yemale.

A. Jukki luwaa parite bi

Luwaa lim 2010-11 bu 28 me 2010 bu bind yemale góor ak jigéen ci bépp kurel buy fal te nu wote ko ci ndaje bu mag bu réew mi bu 14 me 2010 te ki jiite réew mi mo ko siwal te surnalu réew lim 6544 bu 4 septàmbar 2010 siwal ko.

Jukki artikal 1 :

« *Yemale góor ak jigéen danu ko bind ci Senegaal ci sunu sàrtu réew mi, mu aju ci bépp kurel buy fal* ».

Càmbar : parité bu jaar yoon day tekki ci lu wóor te am limi jigéen ñi tolloo ak limi góor ñi, ci bépp asambale bu nuy jèle dogal bu aju ci doxalinu réew mi, day tekki ne ni melo góor ñi ak melo jigéen ñi nooy tolloo. Maanaam. Kéri liggéeyaayu nguur gi yi nuy fale ñooy bérébu njélum dogal bu nguur gi ci mbooleem taxawaayi yi nuy tånn ci yoonu wote.

Kéri liggéyukaayu nguur gi yi nuy fale ñooy béréb walla pàcc bu ñi ci bokk benn pàcc danu leen di fal beneen bi danu leen di tånn lak tånn.

Eleksiyon mooy tàngneef nit ki ci wote, ci nekkal (ab nit, ab gurub walla ab parti) bu sàkku nga taxawal leen ci benn liggey ci seen tur.

Artikal bu njëkk bi da ëmb ay mbir yu am solo ci luwaa parite bi. Taxawaayam mooy def ba jigéen ñi ak góor ñi yem ay njariñ ci wàllu politig.

Day bindu ci gis- gis boo xam ni njexital gi day yemale ñépp, ndax nisér li mooy xeex mboddikonte gi ci bépp fan bu nuy falee ci këri liggéeyukaayi nguur gi ak ndàmpaay yi.

Jukki bi sos na ab pack bu guwernaas, bu am nisér ci saytu bépp boddikonte bu aju ci senr ci ab diir bu yagg.

Jukki artikal 2 :

« Listub ñi bokk yi day toppalante góor, jigeen.

*Su dee limi ñi bokk dafa tool , parite bi day jëfe ci lim bu mat bi bi
topp ci bu ndaw bi.*

*Listub ñi bokk dafa wara ménego ci taxawaay yi ci suuf yi te kenn
nanguwul ko ».*

Càmbar : list yi nu mën a weesoo te mu bindoo ni ; listub way bokk yi nu mën a wuute day doon ay nit yu bokkul melo, way bokk yi mën nanu taxawal ci ab list góor i yem ak jigéen ni nu bind leen benn góor benn jigéen, ñaari way book yu bokk melo mën nu nu toppante ci ab list.

Sunu taxawale ne list yi dafa wara toppalante benn góor benn jigéen, luwaa bi day yemale ñépp jigéen ak góor bu nu fal, wareefu way bokk yi mooy mu doon melo góor, melo jigéen ; loolu terewul nu def góor ni ci kaw jigéen ñi ci suuf foofu seeni sansu fal day wàññeeku ci aliyena bi, listub way bokk yi dafa war a yem limi góor ñi tolloo ak limi jigéen ñi, benn góor benn jigéen.

Su dee list bi dafa tool, parite bi day def lim bu mat topp ci bu tool.

Ci bindinu « *mënul nekk* », day sàkku pari politig yi nu fonk luwaa bi su nu beggee bokk ci elek西yon yi. Ci loolu, bépp list way bokk bu toppul li nu Wax jigéen / goor / jigeen walla goor / jigéen / goor, danu koy ci saa si neenal walla gennée.

Bepp artikal day ëmb ab garanti bu doxalin bu woor ci luwaa parite bi.

Jukki artikal 3 :

« *Li waral nuy doxal luwaa bi dina nu ko bind te leeral ko ci dekere décret* ».

Càmbar : Dekere; dogal bu ñépp wara jëfe bu njiiut réew mändargal walla njiiut njëwriñ yi.

Artikal bi, day doolel parite ci ni nu ko binde ci biir artikal bu njëkk br.

Jukki artikal 4 :

« *Luwaa bu yees bi ak dekere yi nuy jëfe dinanu ko dugal ci kot elektoraal bi* ».

Càmbar : dekere yi nuy jëfe danu am nisér di leeral li waral ak li tax nuy jëfe luwaa bi.

B. Jukki bi nu jàpp ci dekere jëf ji

Luwaa parite mooy roynaayu dekere bi nuy jëfe, ci li ne ci dekere lim 2011-819 bu 16 fan ci weeru suwen 2011 buy wax ci ni nu jefe luwaay biy wax ci parite goor ak jigéen ak dugginam ci biir kot elektoral.

Jukki artikal bu njëkk bi :

« Li méngook luwaay lim 2010-11 bu 28 me 2010 buy bind ci parite goor ak jigéen ci fépp fu nuy fale nit ci këru liggyeyukaayu nguur, listub ni begg jiite ci joxante ci kër yooyu list yi day doon góor ak jigéen ».

Càmbar : ngi jox dayo bu wóor te leer luwaay bu parite bi, li ëmb artikal day waajal, ci ñäkk nangu gi, ci tëralinu list yi war a fonk parite bi.

Jukki binnu dindi ci artikal 2 :

Keri liggyeyukaay yépp walla li ci èpp ci yi fal ñooy :

- *Kondey resonaal yi, minisipaal yi ak riro yi ak seeni biro ak komisiyon yi ;*
- *Sénat, biroom aki komisiyonjam ;*
- *Këru ndaje bu mag yépp, biróom aki komisiyonjam,*
- *Biro kongare bi ak bu parlëmaa bi ;*
- *Biro konsey bi yore koom ak dimbalug askan wi aki komisiyonjam.*

Ci bépp post moo wam senaatér, depite walla konseyee bu nekk nekkul, ki kuy wuutu day bokk ak moom melo.

Ci listub ñi bokk, melo nit ku ne dafa war a ne ci lu too ci turam.

Càmbar : artikal bi day wax tolluwway ak fann bi nuy jëfee luwaay bi te leeral këru liggyeyu kaay yi mu soxal, day wax ci bu leer tolluwaayu mën-mënu parite bi moo xam kureli dékk-dékkaan yi, gox-goxaan yi, yu taax yi, seen biro ak seen komisiyon, biro kongare bu waxukaay bi, biro konsey ekonomig ak sosiyal aki komisiyonam.

Léeg-léeg li ëmb dekere bi ci suuf day laaj nu soppi ko laata nuy jël coppite yi ci war :

- Dindi Sénat bi ;
- Dindi konsey ekonomig ak sosiyal ak sosum konsey ekonomig sosiyal ak enwironëma ak konsey bu mag bi ci waxtaan ak askan wi ;
- Ci doxalinu l'Acte III bu Désentaralisasiyon, ak nangutéefu luwaa lim 2013-10 bu 28 désàmbar 2013 bu am kod Général bu kolektiwité Locales, bu nu soppi, buy indi konsey resiyonal ak konsey riraal te di def departemaa koletiwite lokaal ak Yaatal commin ci gox yi.

Jukki artikal 3 :

« Luwaa bi indi parite day aju ci bépp parti politig bu jaar yoon, bépp boolo parti politig ak bépp listub parti ku bokk bu demal boppam.

List yi téew yépp bu parti bu ne, parti yi boolo walla ni demal seen bopp day wone limi góor ni ak limi jigéen ñi nuy tann.

Su dee list ñi bokk, seen lim bi dafa tool, parite bi day jéfu ci lim bi tool.

Ci jonjante bu ne, parti politig yi, parti yi boolo ak listub ñi bokkal seen bopp danu wara dugal limu góor ak jigéen bu tolloo ci list yépp ».

Càmbar : ci mengutéefu artikal bi, taxawaay yi aju ci parite danu leen dugal ci luwaa lim 2012-01 bu 03 sanwiye 2012, abrogeant ak wuutu luwaa lim 92-16 bu 15 féewiryé 1992, bu ëmb kot elektoral (Pàcc législatif bi nu soppi). Danu ko defaat ci luwaa lim 2014-18 bu 15 awiril 2014 abrogeant ak wuutu luwa lim 2012-01 bu ëmb kot elektoral bi (pàcc legislatif bu nu soppi).

Ci 2016, bi nu sosee Haut Conseil des Collectivités territoriales, l'Assemblée nationale dafa jël ab porose luwaa organik lim 2016-18 buy soppi kot elektoral ci eleksiyonu konseye yu mag yi, ci cëslaayu parite bi. Ci tay li ëpp solo ci taxawaay yooyu mi ngi aju ci këri liggéeyaay yu tuy fale ñépp walla ñeen, ñi ne dugal ci kot elektoral bi, jaare ko ci 9 artikal yii : L143, L173, L193, L210, L224, L241, LO190-3, LO190-15, R84.

Ci njextal gi luwaa lim, 2018-22 bu 04 sulet 2018 bu ëmb nafarug kot elektoral bi nu defaat ci benn mbir ci parite jaare ko ci artikal 145 bu kot boobu.

Ngit jëmmal luwaa boobu ci parite, artikal bi day doon ab jumtukaay buy ànd ak legislasison bu am.

Luwaa parite boobu, day ubbi ab mbir ci ni tuy saytoo mbir yi ñépp bokk te day dooleel ci lu wóor yokkute ak moomeelu jigéen ñi.

III. Taxawaay yi aju ci jigéen ñi seen moomeel ak seen mën a demal bopp

Danuy nangu ne ci bépp réew, yar gi ci biir kér gi day aju ci wareefi góor gi ak jigéen ji. Waajur yi danoo war a bokk yar xale yi, te di sàkku seen mbégté. Nit ki, jigéen ji walla góor gi, dafa am àq ci am fu mu moom ci dëkkuwaay, ci ni muy saytoo alalam. Legislatiyon bi dafa am doole ci dogal yi nu jél ngir yokk àqi jigéen ñi, muy ci misaal lu aju ci wàllu liggéey, wàllu fiskal, ci wàllu palanu fiskal, ci liy aar askan wi, ci lu jém ci liggéey bay noppalu, ci àq ji aju ci moomeel ak àq ji aju ci jotinu suuf si.

A. Jukki ni nu jàpp ci àqi liggéey, ci resim fiskal, ci kaarange askan wi ak ci resim reteret

Ndeyu àttéeb réew mi day wax ni ci wàllu liggéey góor ak jigéen ñoo yem, yemale googu day ne ci bépp jukki buy teg ci yoon liggéeykatu nguur gi ba ci ñi nekkul sax ci nguur. Day ne itam, ci jukki yi aju ci wàllu fiskalu liggéeykat yi. Jukki yooyu ñooy ci lu èpp : kotu liggéey bi, kotu kaarangee askan wi ak kot bi èmb lépp ci lempo.

Jukii bu nu dindi ci artikal 25 alinéya 2 bu ndeyu àtteeb réew mi :

« ...bépp bodikoonte ci diggante góor ak jigéen ci wàllu liggéey, ndàmpaay ak lempo danu koy tere... »

Faramfàcce : duggalug yemale ci wàllu fiskal ci luwaa 2008-01 bu 8 sanwiyeer 2008 day dëggal mbirum yemale lempo ci artikal 25 bu sunu ndeyu àtteeb réew mi dugal.

Jukki artikal L143 bu kotu liggéey :

« *Saa su dee am doom, dàkkalug liggéeyam boobu kenn mënu ko jàpp kon dàkkalug kontara, bépp jigeen am na àq dàkkal liggéeyam ci lu toolu ci fukk ak ñeenti ayu bés yu tegloo, ci loolu juróom ñetti ayu bés laata muy am doom. Bépp dàkkal mën nanu ko yokk ci ñetti ayu bés su dee jigéen ji dafa feebar, te feebar bi aju ci èmb bi walla ci bi muy wësin ci lu nu weral (...)* ».

Jukki artikal L. 144 ku kotu liggéey :

« *Ci diirub fukk ak juroomi weer nu tàmbali ko wàññ ci bu xale bi guddoo, yaay ji am na àq ci noppalug nàmpal gi* ».

Jukki bi nu dindi ci artikal 1 bu kotu kaarangeeg askan wi :

« *Dafa am kot buy doolel liggéeykat yi am ndàmpaay yu aju ci kotu liggéey...* »

Jukki artikal 2 bu kotu kaarangee askan :

« *Saytug resim boobu danu ko dénk ak këru liggéeyuyaayu nguur bu melo indistiri ak njaay bu nu tuddee keesu kaarangee askan wi...* »

Jukki artikal 6 bu kotu kaarangeeg askan wi :

« *Danuy jàpp ne képp ku am doom mooy yor dëkkuwaayam dundinam solinam, ak njàngam ci xale bi.*

Saa su ne, jigéen ji am saleer mooy yor xale yi su dee jëkëram amul benn liggéey bu muy faju ».

Jukki bi nu dindi ci artikal 7 bu kotu kaarangeeg askan wi :

« *Day ubbi ci liggéey yi nuy def ci biir kér gi, xale yi ne ci sàrsu liggéeykat bi am saleer buy dugg ci melo yii* ».

Jukki bi nu dindi ci Art. 15 bu kotu kaarangeeg askan wi :

« Àqu jot alokasiyon laata xale bi di juddu da nu koy jox bépp jigéen bu jékéräm di liggéey te am saleer, bépp jigéen buy liggéey te am saleer te jékéräm liggéeyul... »

Jukki ci artikal 21 bu kotu kaarangeeg askan wi :

« Danuy fay alokasiyon liggéey kat yi ci seeni doom yi nu yor... »

Faramfàcce : ci lépp, kotu liggéey ak kotu kaarangeeg askan wi day jox liggéeykay yi aju ci resimi ab kaarange bu yaatu. Kaarange googu day aju ci jigéen ñi niki ci góor ni. Waaye kaarange googu ne ci liggéeykat yi ci èpp, ñaari koti kaarange yi day am ay taxawaay yu méngoo ak tolluwaayu moomeel jigéen ni te nu men ko xam mën nanu lim ci taxawaay yi yiar aar àqi jigéen ñi yii :

- tere nanu kuy dàq jigéen ji ci liggéeyukaayam su èmbee (kiy liggéey lu ménul dàqal kontara liggéey bi ci jamono jooju) ;
- am na àqi am diirub noppalu su wësine (ci diirub fukk ak ñeenti ayu bés yu mu noppalu te du tee muy jot saleeram ci keesu kaarange askan wi) ;
- defarum waxtu liggéey yi (yaay ji am àq noppalu benn waxtu ci buy liggéey bés bu ne ngir nàmpal doomam) ;
- jàppale ci wàllu kopaar bu keesu kaarange askan wi (jàppal yaay ak liir bi jox leen alokasiyon bu njaboot gi) ;
- jàppale yaay ji ak doom ji ci mbirum faj (jàppale gi day aju di def ab topp ci wàllu wergi yaramci serwisi keesu kaarange askan wi) ;
- benefisu ab bés bu ci tege ci nopalug at mi su dee daf am ay xale yu seeni at màttul 18 ;

Danuy yokk ci natt yooyu, jigéen ji mën a am alokasiyoN ci njaboot bu de jigéen ñi mooy boroom kér gi (artikal 152 akt 277 bu kotu njaboot gi).

Jukki bi nu dindi ci artikal 174 bu kotu seneral bu lempo :

« ...limu séddale bi nuy jël ci sàkkutéef ngi jëf liy wàñni lempo bi ci sàrsi njaboot gi nu séentu ci 1 ci artikal bu yees bi day wax ni :

- *ku amuk jékér walla jabar, ku tas walla ku jabaram walla jékéram dee te amul sàrsu xale : 1*
- *kuy sëy te amul sàrsu xale : 1,5*
- *selibateer walla ku tas te am sàrs xale : 1,5 »*

Càmbar : daf doon ay mësiir yu nu jël yu aju ci yemale ci wàllu fiskal ci diggante góor ñi ak jigéen ñi. Jigéen jiy am daf war a joge lempo su dee dafa ab yëngu buy jur koom fi ci Senegaal. Yengu-yengu boobu men naa doo nab liggéey bu mu am saleer, ab liggéey bu nu koy fay su noppee, ab am-am bu muy luyee (imebel walla ker gu muy luyee) ab liggéey ci wàllu njaay, mbay indistiri walla ab dénc koppar (depo, ak liy teg ...) walla leneen.

Kot seneral bu lempo dafa duggal lu yees fii ci Senegaal muy : yemale ci wàllu fiskal.

Laata luwaa boobu di am jigéen jiy liggéey danu ko daan fayloo benn pàcc su dee amul jékér ak benn pàcc ak genn wall su dee s daa am jékér, te kenn du xoolsàrs njaboot tegu ci kawam lépp si ne moom du boroom kér gi ci wàllu fiskal. Artikal 174 bu luwaa bu 2012 dafa ñëw jubbanti ñàkk yemale googu ci ñàkk njélum xale yi ci wàllu fiskal ci seen yaay.

Ci loolu, jox nanu yaay ji limi cér yi yemale ko ak góor ñi maanam genn wàllu cer ci xale yi am (0,5). Danuy bind ne xale bi (yaay ji walla baay bi da koy jël ci sàrsu fiskal ba mu am 26 at su dee day jäng).

Jukki artikal L1 bu kotu niy am pensiyoñu siwil ak milteer tey noppalu :

« Pensiyoñu reteret ab alokasiyon bu nuy jog nit ki su liggéeyee ba jeexal, liggéeykati nguur geek militeer yi, te sunu deewee ni leen di donn noo koy faju niki luwaa bi wax ».

Jukki artikal L2 bu kotu pensiyoŋ siwil ak militeer yi dem reteret :

« Am nanu àq ci benefisu taxawaayu kot bu yees :

- 1° liggéeykati nguur gi nga xam ni luwaa lim 83-634 bu 13 sulet buy émb àq ak wareef liggéeykati nguur gi ak 84 -16 bu 11 sanwiyee 1984 buy émb taxawaay ciy wax ci liggéeyu nguur, te aju ci titar 1^{er} ak II bu melokaanu liggéeykati nguur yépp ;
- 2° majistara yu yore yoon ;
- 3° militeer yépp danu am stati militeer ci seen diirub liggéey walla ñiy liggééey ci lu épp diir bu jaar yoon wi te nu aju ci kontara ak militeer yi am ab engasëmaa liggéey bu jëfu walla ci tiitaru am jot gi ;
- 4° seeni moroom yi dund ak seeni njaboot ».

Càmbar : nguurug Senegaal daf jël ay mësiir yuy wax ci yemale ak tolloole ci senr. Ci loolu daya m ab jëfin wuy yemale góor ak jigéen ci wàll wi nuy joxee pensiyoŋu reteret bi.

Ci loolu, danuy bind ne day jaar yoon nuy jox pensiyoŋu reteret bi jigéen ji booroom këram dee, su dee am na benn doom. Àqi pensiyoŋ bi xale bi am ba 21 at te di jàng moo koy moom walla xale bu am ba 18 at bu ne ci sàrsi waajuram, ci misaal ci wàllu ci misaal ci fiskalite, ngaññaayu cér bi waajur bi yor xale biy jàng walla kiy jàng ba am 26 at yi lanu koy jox.

Danuy leeral itam ne ñàkk boole pensiyoŋ yi nuy werse du njariñu jirim yi loolu mën naa jur ne xale bi jirim ci yaay ak ci baay ñépp doon liggéey, du am àq ci pensiyoŋ yépp waaye benn la ci jot tuy bi ci gëna kawé.

Léeg-léeg, natt yi kenn ci waajur yi def day reer te it li ci épp yu yaay ji defñoom la ndax danu koy gisee ci diirub dundinam ne ab saleer bu néew la.

B. Jukki bu nu jàpp ci àqi moomeel ak àqi jotinu suuf si

Jukki artikal 15 bu ndeyu àttéeb réew mi :

« Àqi moomeelu ndeyu àtteebe réew mii moo koy garanti – jigéen ak góor ñoo yem ci àq jotinu ak moomeelu suuf akit moomeelu suuf si ci ni ko sàrt yi tèrale ci luwaa bi ».

Jukki artikal 19 bu ndeyu àtteebe réew mi :

« Jigéen ji dafa am wareef am moomeelu boppam niki jëkëram... »

Càmbar : jigéen ni danu am taxawaay bu ràññeeku ci wàllu mbay, liy leeral solo ci artikal 15 bu ndeyu àtteebe réew mi lëkkale ak artikal 19 buy wax ci jigéen ñi ninuy saytoo ku ci ne sa alal. jigéen ni danoo doon ab pàcc bu am solo ci liggéey yi aju ci suuf si ak mbay mi ci biir kér.

Jukki yi wax ci saytu suuf ci sunu dëkk, mu méngook luwaa lim° 64-46 bu 17 suwenj 1964, te aju ci domeen national aki dekereem yi tuy jëfee ak luwaa lim 2011-07 buy èmb resim moomeelu mënul am benn suuf amul benn bodikoonte ci jotin wi ak ci saytu suuf gi ci diggante góor ñi ak jigéen ñi.



2

Jukki yi am solo
ci reew mi yiy aar lepp
luy mettital bu aju
ci senr : mettital bu
aju ci jigeen ni

I. Kaarange ak daan yi aju ci kot peenal bi ci mettital yi aju ci senr

Danu war a leeral dàkkalug mettital gi nuy def jigéen te mu metti lool fii ci Senegaal, rawatina ñombe yi dóor ak màndargaal nit ci sa coobare rawatina jigéen ñi èmb mbaa jigéen ju ay atam sore lool. Ci yooyu mbir, bàyyis negasniku maya wunu ko jëf yooyu ci kot peenal bi.

A. Jukki bi nu war a jàpp te càmbar ko ci kot penaal jëm ci mettital yi nuy def jigéen ñi

Jukki artikal 294 alineya 2 ak alineya 3 :

« ...su fekkee ni mettital yii nu lim ci kaw dafa dal ci jigéen ñi walla ci jigéen ju èmb mbaa ku ay atam sore lool, mbaa wéru yaram am mayawu ko ».

Càmbar : Artikal bi mu ngi nekk ci kot peenal, ci téere 3 sas 3 sapitar 1 dagit 2 gu nuy woowee « gaañ mbaa dóor bu mu nanguwul, rey ak yeneen ak lu nu def lu ni mel ci sa coobare ». Dinanu deg ci artikal boobu ab daan bu tollu ci 1 at ba 5 ati kaso ak daan bu tollu ci 6junni ba fanweeri junni 6.000 ba 30.000 dërëm.

Dinanu wax dóor ak màndargaal boo tay su fekkee nit ki moo ko def mooroomam. Day laaj nu xam ne ñaar yépp niróowunu.

Beneen mbir bu am solo bi mooy bu taxawaay àttéekatu yoon bi. Mën naaa teg ab jëf bu ko soob. Dafa doon ab jumte bu nit def ci sagoom.

Jëfi dóor ak gaañ yu nit ki tay day nu repirime gaañu-gaañu yooyu ne ci yaramu nit te mu def ko ci sagoom yooyu ci yaramu nit ki.

Taxawaay boobu li mu waajal mooy ne, su dee danu ko def ci jigéen, ki ko def du mën a am sirsí (maanam daan kaso bu mu dul tédd).

Sirsi ab mbir la boo xam nit ku nu tēj du tēdd diirub daan yi, ci lu woor , loolu day tekki ndimbalug àtte bi jēm ci nit ki.

Su dee, dór yi ak gaañu- gaañu mën naa indi ay cér yu nu dagg walla cér yu ménatul dara, ki ko def dinanu ko teg ay daan yu tollu ci 5 ba 10 ati kaso ak daan yu tollu ci 4 junni ba 4 fukki junni dërém liy tekki sàkkutéefu àtteekatu yoon mu teg ay daan yu metti ci yenn xeeti toroxal yu jēm ci jigéen ñi.

Jukki artikal 297 ak 297 waat alinéya 1 :

« Dàkkalug ñombe ak wuute ci bàyyis nengasniku ngir CBV ci moroomam mbaa xeetam (1 ba 5 ati daan, 10.000 ba 100.000 d ak tr doon am bàyyis negasniku) ».

Càmbar : dogal boobu it te mu jēm ci CBVday aju ci booroom kér gi, ci àq ak yellef njaboot gi jéf yooyu danu koy denc ndax sey yu tas yi, feneen, bu fekkee ne dór yi mbaa mettital yi daf jur daggug cér mbaa ñakk doxug cér, dinanu la tēj 10 ba 20 ati gaso su fekkee ne dór yi mbaa mettital gi daf tax nit ki dee dinamu la tēj sa giirub dund de 1 ba 5 ati kaso ak ab daan bu tollu ci 10 000 à 100 000 d.

Ci artikal boobu, dinanu wax tēj bu ànd ak liggéey te sañoo bañ, waaye léegi ci wàllu yoon fii ci senegaal, tēj bi day àndak liggéey bu ñu ley teg te sañoo bañ amatul sàrti lim 2020 –5-13 sanwiye 2020 duggee ba léegi rawatina ci wallu siif, li nu lay teg day mengook ray nit bëgg – bëggu àtteekatu yoon bi day boddi wiylens yi ci biir néegu séy yi nu wax bu leer. Ci àqi njaboot gi jéf yu mrl noonu danu koybind ci lu waral tas.

Jukki artikal 299 waat :

« Bépp jotin ci wàllu siif, ba dagg cëru nit, benn, baa lu bari, ak lu mu mënti doon danu koy dàq (tere) ».

Dàq nanu lépp luy laal céri jigéen rawatina ci awram sëy mbaa lu èpp ciy cëram, ak lu mu mën ti doon tére nanu ko Dàq nanu sëy ak jigéen mbaa dagg ci jogal dem bay dagg cëru jigéen ñi ak lu ni mel dinanu la tøj (6 weer ba 5 ati kasoo su fekkee nit ki dafa ci ñakk bakanam).

Càmbar : Mattuwaay boobu yellook sax dàkkalug dóor ak gaañ ci loo tay ci jigéen dinanula indiwaat ci dogal luwaa lim°99-05 bu 29 sanwiye 1999 bu nu wote ci ab jamono ju doy waar, bu aar jigéen ak xeex bépp li ni xeetoo di aar jigéen ak di xawwi suturam.

Xeex boobu jém ci lu ni xeetoo muy jongal nekkoon na lu jaaxal ñiy xeex àq ak yelleefu jigéen. Ci loolu, ci yenn béréb gu gox yeek dëkk yi, kilifaay aada yi danoo mës a bañ dakalug jëf jooju jëlug dogal ci fànn loolu moo jafeloон mattuwaay ci wàllu woowu di taxawway ci yoon buy tere jëf ji.

B. Jukki bu nu war a jàpp te càmbar ko ci ñawteef yi jém ci xàwwi sutura ak aar jigéen ñi

Jukki artikal 300 :

Dàkkalug jefe def mbaa jeem séq mbirum sey ci benn xale ci kaw xale bu am 13 at ci sa jabr niki aada laaj dinanu la tøj 5 ba 10 ati kasoo.

Càmbar : artikal 300 buy dogal ci yoon fii ci Senegaal day ñëw dooleel dàkkalug sey yi teel yi ci xale yi. Jukki bii day tere sey bu teel fii ci senegaal atu séy danu ko fee àppal ngir nga séy loolu tax ngit nga mën a récc ci dogal boobuyenn kilifa yi danuy làqu ci seen aada ngir maye seeni doom loolu mooy firndeel jolug dogal ci dàkkal jëf yu ni mel.

Ci loolu, du nu mën a lay mubuwoo seen aada ngir séyu leelu xale yi, li nu mën a daan lëkkaloo gi ci séy ci jigéen xale bu jigéen.

Ku ko sabab jëf ji dina am ab daan 5 ba 10 ati kaso ci tolluwaaayu jëf ji ak atu xale. Fii, ñaari mbir yi nanu dàq, benn bi, séy Yu teel yi, beneen jëfu lëkkaloo ci mbri séy ci xale bu jigéen.

Jukki artikal 305 waat :

Dàkkalug tur émb yi. Al 2 yaatalug njombe ci njaayum mbaa joxe ay porodiuw mbaa mbir te xam na loraange yi mu mën a jur ba dindi émb càmbars.

Càmbar : danoo tere ngay dooleel jigéen tuy dindi émb walla ngay koy jox ay porodiuw yuy tax tuy def lu ni mel. Jëf yooyu dafay ànd ak ay daan bu fekkee sa ànd ak lorangi ; maaanaam su fekkee sax émb bi deñul. Weyalug àqi jigéen ji la ci am sañ- sañ ci boppam.

Ci loolu bat ay kotu peenal bu Senegaal wooy aar jigéen ba fa mu jëm ci dindi émbam loolu day tax ba du am njeexital ci wér-gu yaramam ak lu lu mëm ti doon wàq émb su fekkee bakkaanam xaj na ci.

Jukki artikal 319 waat :

Dàkkalug nit ñiy dal ci kaw nit (ci kaw jigéen mbaa xale yu jigéen ñi).

Càmbar : jëfu dal ci kaw jigéen mbaa xale bu jigéen di ko def tànneef ci di ko xoxota, ci jëf wax ak ci mbind mbaa ci jafe-jafe ngir mën a jël ay bànnex ci wàllu séy ci li la sa doole may ak ñiy sukkandiku ci seen daraja ngir mën ci jot safara seen bëgg - bëgg, jëf jooju mën a am daan yu leer. Nekkin woowu day ànd ak tëj 2 ba 5 ati kaso ak daan yu tollu ci 1 miliyonja 3 miliyon su dee ki nu sàkku amul 16 at, daan bu mag bi moom lanu teg.

Jukki artikal 323 :

*Dàkkalug jaay sa bopp ngir am as tuut di def ay xeetu dimbal,
jàppale, aar ba tax nit ki génn ci njaayum sa bopp.*

Càmbar : ci sunu réew mi, danuy gis nit nu bari di dund ci lu joge ci jaay sa bopp di doolel jéf joojuwalla di xiir jigéen ñi ak jigéen yu ndaw yi di ko def.

Ci mbir moomu l a kot peenal bind ci téereem 3 sapitar 1 Pàcc 5 daan yi ci tèj dale benna t ba 3 ati kaso ak daan bu tollu ci 50 junni ba 2 miliyon ak xajj.

Daan yooyu itam mën a dem ba 5 ati kaso ak daan bu tollu ci 60 junni ba 5 miliyon su dee jéf ji dafa dall ci xale bu ndaw.

Ñaawteef boobu day fes ciy jumtukaay yu wuute te bari, waaye ci seddaleg ay poridiwu jaay sa bopp ñenn wallu xaalis bi nuy jot ci dékk ci jaay boppam walla nit ki ci tànneefu dund ngir safaral seen soxla yi méngook seen dund.

Waaye am lëkkaloo ku sàq ak benn walla lu bari ci ñoom ñi koy def, mbaa ñuy yobbalee ñeen ci noonu, mbaa jare ko ci ñoom ngir mën def lu ni mel

Fexe nasawal ñi walla ndaw ñi koy dooleel ngindiwaat it jigéen ñi walla ndaw ñi réer di dund ci ñàkk ku mënul natt tolluwaayu jéfeem jaay sa bopp njobe boobu mu ngi bokk ci yenn yi nga xam ne moom la kuréel yi yex ñaawteef yi nuy def.

Ndax loolu bokk na ci yenn anam yi bokk yi yuy jaay doomu aadama jukki bi bokk.

Jukki artikal 320 :

Dàkkal siif ak di xàwwi sutura nit ki (xeñ la ko ngir moom sa bopp dale ko 10 ba 20 at).

Càmbar : siif nuy koy tégge sàkku doom aadama ak lu nu mën ti doon bu nu def ci nit te àndu ci mbaa xooxatal mbaa mettital.

Yagul dara sàrt bi ñu taxawal ci atum 2020 -05-13 sanwiyee 2020.

Càmbaraat sàrtu lim65 60 ci 21sulet 1965 aju ci sàrtu yoon, siif nuy koy méngaleek raykatu nit, atteem day méngook ku ray nit.

Ba tax bépp góor bu door jigéen mbaa mu siif ko laaj na téj ko diir bu tollu ci 10 ba 20 ati kaso, ci beneen anam atu kaso bi gën a mag mu ngi tàmbalee ci ko wam ne xale walla néew doole mbaa jigéenu wérul.

Su fekkee siif dafa jur jéyy bu ànd ak mettital ci kosooke dinanu ko téj giiru dundam su fekkee sax danu koy wàññi, wàññi bi du nekk loo xam ne dina nekk lu suufe 20 at ni mel.

Jukki bu sàrtu 320 waat :

Dàkkalug sàkku xale yi.

Càmbar : sàkkukatu xale yi niki siifikat nekk na ñawteef ci sàrt réewum Senegaal. Ci sunubés yi, ci biir yenn gox yi ci Senegaal, ci kasó yi ñu ngi màndargaal xeeeti sàkku xale yi léegi danuy seetlu ci yenn béreb yi ci réew mi, parke yi danuy am weer wu ne lim bu am solo ci mbiiru sàkkutéefu xale yi loolu sxa moo tax ba ktteekatu yoon bixoolaat daan yi yokk ko ngir dindi fi jéf jooju.

Leegi, bépp nit ku jéf, jéfu lambatu, laay, di woone ay mbiri séy ci film porno, jéfandikoo ay nataal mbba riir jéf yi mel, ngir tèdddee xale bu am 16 at, dinanula jàppée tèddakat xale te dinanu la daan 5 ba 10 ati kaso.

Jukki artikal 320 ter :

Dàkkalug ger xale yi.

Càmbar : dogal boobu day wàññi jëf yi mag ñi di jéem ci xale yi di leen tèddee, walla di def ay ndaje yi ni mel yuy aju ci mbiri séy yu tuy bokk: jëf yooyu danu ko tere te ay daan yu tollu ci 1 ba 5 ati kaso ak daan yu tollu ci 20 junni ba 3 miloyoñ.

II. Kaarange ak daan yi aju ci kot peenal bi ci mettital yi aju ci jigéen ni

Danu wara siiwal luwaa bu am solo boobu buy yiir askan wi néew doole rawatina jigéen ni, ci luwaa lim 2005-06 bu 10 me 2005 aju ci njaayum nit ak jëf yu ni me lak di aar ñi mu dall ci luwaa lim 2005-18 bu 5 ut 2005 aju ci wér gu yaramu nit ki ci wàllu jura k wallante bu aju ci VIH.

A. Jukki bi nu jàpp ci luwaa lim° 2005-06 bu 10 me 2005 aju ci xeex njaayum nit ak jëf yu ni mel ak di aar ñi mu dall

Jukki artikal bu njëkk :

« Dàkkalug jaay nit ki ci lu aju ci séy, liggéey yu sañul bañ, walla njaayum nit ».

Càmbar : luwaa bu aju ci njaayum nit rawatina jigéen ñi day indi karaange jigéen ñi, day bàyyi xel ci dàkkalug yenn jëf yu mel nii di tuutal jigéen ji ba di ko xañ moomeelam day sutural nit ñi rawatina jigéen ñi, ci loolu ci artikal bu njëkk day dàq yobbum dalal mbaa dëkkal benn nit ku ñu am do gal, ci jëfeem jaay sa bopp ci sa cobare, baa buumu jaam daan yi ci mën afekk a kat tëj te 5 ba 10 miliyoñs.

Daan yi nu mën naa doon 5 ba 10 ati kaso ay daan yu tollu ci 5 ba 20 miliyoñ dërëm.

B. Jukki bi nu jàpp ci luwaa lim 2005-18 bu 5 ut 2005 jém ci wér ak jur

Jukki artikal 16 ak 17 alinéya 1 :

Dàkkalug wallante VIH.

Càmbar : artikal bi dafa dàq wallante ci saa coobare, wallante WIH ci jamonoy séy walla ci mettital, walla gàllankor xoxotal mbaa mettital ci loolu, su fekkee séq ak kenenn ci sa cobare la ki ko sabab dina am daan 2 ba 5 ati kaso ak daan bu tollu ci 20.000 à miliyonji dërëm. Su fekkee jëf jooju dafa nekk lu nit ki def te du ci cobareem.

Su fekkee da ko def ci neex ko, daan yi dina nekk ab diir bu tollu ci 4 ba 10 ati kaso ak daan bu 40.000 BA 2 miliyon ci feneen artikal 17 waajal na gën a yokk atu kaso yi bu fakkee ne ñawteef bi dafadal ci xale bu amagul 13 at.

Mentions légales

Auteur

Cellule Genre
Ministère de la Justice

Éditeur

Konrad-Adenauer-Stiftung
Programme pour la promotion de l'Etat
de Droit en Afrique subsaharienne
Almadies - Zone 9
En face de l'école «Point des Almadies»
Dakar, Sénégal

Création graphique

Green Eyez Design, Dakar
www.greenevezdesign.com

Imprimé

La Rochette, Dakar
Printed in Senegal

© Cellule Genre, Ministère de la Justice, Juillet 2021
Tous droits réservés



www.kas.de